


# Akademi Muñiz Pòtrè Bousye a Plan Aksyon




## Plan Aksyon Pòtrè Muñiz

Priorite nou yo reflete repons nou bay a vwa ki pi enpòtan nan pwosis sa a - elèv nou yo. Nan done sondaj yo, twa tèm enpòtan te parèt: gwoup diskisyon yo, done pwogrè eskolè yo ak angajman ak elèv yo. Nou bezwen kreye pètinans nan eksperyans aprantisaj yo, ranfòse relasyon yo, epi tabli yon koneksyon ki pi klè ak inivèsite e devlopman pwofesyonèl. Se misyon nou ak moun nou sèvi chak jou yo ki alimante Kominote nou an. Antanke sèl lekòl segondè piblik ki pale de lang nan BPS ak New England, entansyon nou se sèvi kòm yon prèv pozitif sou sa ki posib pou elèv yo ak kominote ki reprezante divèsite nan ras, kilti, ak lang.

Byenke nou konstwi yon modèl konplèks ki bay rezilta solid, angajman nou ak aktè ki konsène nou yo, te revele kèk domèn nou dwe ranfòse kòm fondasyon Pòtrè Bousye nou an. Priorite nou yo reflete tou angajman nou pou yon nouvo kad antirasis ak ki kontinye pèmèt gen ekite ki reponn a misyon nou e ki parèt klè nan eksperyans kominotè nou an pandan pandemi an. Pwosis la te fè parèt byen klè nesessite pou kominote nou an konsantre l yon fason estratejik ak entansyonèl sou valè nou an: de lang ak pratik ki soti nan Aprantisaj Ekspeditif (EL) yon kad antirasis pou ekite ankadre. Pwosis la te enspire nou retounen konsantre sou valè nou ke nou kwè k ap pote chanjman kle nan pratik ansèyman nou yo, politik debaz nou yo, ak estrikti lekòl nou yo.

Nou te abòde premye faz travay nou an lè n sèvi ak yon apwòch ki baze sou pwèn fò yo. Konpetans e volonte anplwaye nou yo ak amonizasyon objektif Konsèy administrasyon nou an pou 2021-22 yo se pwèn kle ki pral asire siksè pwochen faz nou an. Pandan elèv yo re-antre nan espas fizik la, n ap fè viv tou anvi yo genyen pou retounen nan lekòl la. Otonomi nou yo kòm yon Lekòl Inovasyon, pèmèt nou fleksibilite ki nesessè nan orè, kourikoulòm, devlopman pwofesyonèl, anplwaye ak bidjè, tout enpòtan anpil pou reyalize ak kontinye fè chanjman. Nou te angaje ak pataje Pòtrè a avèk Biwo Lekòl Segondè Lekòl Piblik Boston epi nou te resevwa repons ki trè pozitif ak enterè pou itilize travay nou an kòm yon modèl nan repanse y ap repanse lekòl segondè aktyèlman atravè distri a. Finalman, pwosis la te pèmèt nou angaje ak patnè nou yo, ranfòse envestisman yo nan elèv nou yo ak kominote a. Sant Resous Edikasyon Siperyè ak Gwoup Travay Hyde Square a te jwe yon wòl enpòtan nan devlope nouvo opòtinite avèk lòt aktè ki kosène yo.



Aktè ki konsène yo genyen elèv yo, fanmi yo, anplwaye yo ak tout kominote Boston nan ak patnè nou yo. Kolaborasyon ak aktè ki konsène nan kominote a pral vrèman enpòtan pou aplike chanjman nan kourikoulòm nou an ak eksperyans aprantisaj ki ann amoni ak Pòtrè nou an. Nou konnen tou nou dwe kontinye prepare rezo kominotè ak patnè nou yo nan nouvo fason pou enfòmè travay la, envesti nan vizyon an, epi ede reyalize objektif yo.

Sipò finansman pou lekòl la ki te bay atravè Barr Fellowship la te pèmèt anplwaye yo devlope konpetans lidèchip epi etabli ekip lidèchip pwofesè ki te kontinye nan ane lekòl aktyèl la. Ekip Inivèsite ak Karyè nou an te pran latèt nan travay aktyèl la. N ap evalue ki ekip aktyèl oswa nouvo ekip ki pral sipòte pwochen faz travay la nan 12 a 14 mwa kap vini yo. Estrikti aktyèl anplwaye nou yo ki gen ladan ekip klas yo ak ekip kontni yo pral kontinye espas enpòtan pou planifye ak reyalize travay la avèk konsèy lidèchip nan men Ekip Lidèchip Ansèyman nou an.

Nou prevwa difikilte. Pandan n ap soti nan pandemi an - nou espere nan lekòl konplètman an Septanm 2021 - nou dwe analize de aspè diferan ki genyen nan re-etabli kominote nou an pandan y ap kontinye travay pwofon ki te konsantre sou byennèt akademik, emosyonèl ak sosyal. Nan nouvo kontèks pandemi sa a, nou santi gwo ijans. Rezistans granmoun yo pa yon defi. Si nou jwenn rezistans, se nan konvenk jèn nou yo ke yo ka reyalize objektif yo pandan y ap simonte move eksperyans pandemi an. Kominote lekòl nou an pare pou l aplike, li santi l toujou pouse pou sèvi elèv nou yo ak fanmi yo byen. Nan kèk fason, nou bezwen ralanti epi avanse avèk planifikasyon olye n ap kouri nan yon kontèks ki pi difisil plis ke jamè.

Plan Aksyon sa a se travay nou pou 12 a 14 mwa kap vini yo kòm fondasyon vizyon nou an. Nan fen yon peryòd 5 ane nou anvizaje yon eksperyans lekòl segondè kote vwa elèv nou yo se kle nan asire eksperyans enpòtan yo nan yon modèl "vil kòm yon kanpis" ki fasilite ak patnè kominotè yo. Misyon nou an mache anpil ak twa pwen santral konplè nan modèl nou an ki alimante Kalite Bousye a: Antirasis pou pratik ekite yo, apwòch de lang nou an ak kad ki enspire nan EL. Fondamantalman, travay nou an klè avèk objektif epi entansyon. Elèv yo aprann ni an Anglè ni an espanyòl ak klas ki fèt nan lekòl ak andeyò kanpis nan eksperyans kominotè ki reyèl ak enpòtan. Chak elèv ap travay pou Kalite Bousye Muñiz la epi pou chak granmoun genyen epi anbrase modèl sa yo. Chak elèv devlope idantite yo, epi yo jwenn konpetans ak konesans pou reyalize objektif apre gradyasyon yo. Atravè sipò kontinyèl nou, nou ogmante kantite elèv ki pèsiste nan objektif inivèsite ak pwofesyonèl yo a 75%.

**Lis sa a gen ladan domèn premye nou prevwa sipòte yo nan lide pou aplike Plan Aksyon nou an:**

- Devlopman Pwofesyonèl ki konsantre sou Aprantisaj Ekspeditif; Antre nan rezo EL a;
- Devlopman Pwofesyonèl/Fasilitasyon Ekstèn sou Pratik Antirasis pou Ekite
- Yon Odit sou Pratik De Lang nou yo;
- Konsèy pou Devlope yon modèl Vil kòm Kanmpous; epi
- Konsèy pou Devlope Patenarya Dirab ak Kominote.

**Priyorite #1: Ane Lekòl 2021-22, 2022-2023 ranfòse angajman elèv ki konsantre sou idantite ak relasyon.**

**Jistifikasyon:** Yon modèl lekòl segondè de lang konplèks nan konstriksyon l epi li mande inite nan fokis ak efò yo. Pwosesis refleksyon ak rasanbleman done nan travay Pòtrè nou an te bay yon rezilta nou pa t prevwa e ki te enpòtan: klarifye epi rekonfime faktè kle nou yo ki ranfòse angajman elèv ki konsantre sou idantite ak relasyon yo kòm fondasyon pou aplikasyon Pòtrè nou an. Priyorite sa a konsantre sou faktè kle yo nan misyon nou an: Aprantisaj Ekspeditif, pratik de lang ak kad Antirasis pou ekite nou an.

Demografi elèv nou yo ak pwen done kle sou pwogrè yo mete aksan sou nesosite pou nou repanse angajman tout elèv nou yo.

Done sa yo konfime zòn priyorite sa a:

- Nan Sondaj YT a, 54% elèv ( <sup>31yèm</sup> pousantaj pami lekòl Barr yo) te pozitif konsènan angajman yo nan lekòl la ak 39% ( <sup>37yèm</sup> pousantaj pami lekòl Barr yo) te pozitif konsènan relasyon yo nan lekòl la.
- Nan sondaj YT a, pètinans te yon tèm kle; 41% elèv yo te reponn pozitivman ke sa yo aprann nan klas la ede yo deyò lekòl la.
- Nan twa ane ki sot pase yo, nou te toujou gen apeprè 30% nan elèv nou yo ki pa t rampli kondisyon yo e yo te patisipe nan pwogram ete yo pou yo fini kou yo. Elèv ki gen difikilte nan lekòl toujou rapòte ke lekòl pa enteresan oswa pa gen okenn objektif nan eksperyans yo.
- 82% nan elèv yo gen gwo poblèm ekonomik; 85-90% se premye jenerasyon ki ale nan inivèsite nan fanmi yo.

**Aliyman ak Pòtre nou an:** Priyorite sa a se fondamantal pou aplike Pòtrè nou an. Priyorite #1 konsantre sou de nan twa faktè kle nou yo: pratik de lang ak kad Antirasis pou ekite nou an epi fè yon koneksyon klè ak misyon nou an . Nou kwè ke angajman se yon baz ak fondasyon pou reyalize Kalite Bousye a. Pa egzanp, kalite nou yo, "Devlope Konpetans Kiltirèl" ak "Kominike", yo konekte dirèkteman e pran nesans nan nesosite pou devlope idantite ak relasyon elèv yo. Devlope vizyon mondyal yon moun kòmmanse nan refleksyon sou pwòp tèt li ak devlopman idantite alafwa nan kad kiltirèl ak akademik.

<b>Etap Aksyon</b>	<b>Aktivite Kle yo</b>	<b>Aktè ki konsène yo</b>	<b>Aksyon yo</b>	<b>Rezilta yo</b>	<b>Dat yo</b>
Ranfòse pratik angajman elèv yo ki konsantre sou idantite ak relasyon.	<p><b><u>Ki ann amoni ak Aksyon/ Rezilta #1</u></b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Patenarya ak EL, HALE ak BU pou defini domèn konsantre nou yo pou devlopman pwofesyonèl pandan Ane Lekòl 2021-22</li> <li>• Devlopman pwofesyonèl chak semèn nan ekip kontni ak klas yo ansanm ak tout anplwaye yo, konsantre sou modèl Aprantisaj Ekspeditif epi ranfòse modèl de lang nou an; tikè pou anplwaye kite reyinyon pou evalye objektif reyinyon yo.</li> </ul>	<p>Elèv, Anplwaye, Patnè</p> <p>Ekip Klas ak kontni</p> <p>Ekip Inivèsite ak Karyè; Anplwaye</p>	<p><b><u>Aksyon #1</u></b> Angaje tout 26 pwofesè kontni nivo klas yo, 7 anplwaye * nan devlopman pwofesyonèl ki sipòte eleman fondamantal Pòtrè Bousye nou an pandan reyinyon chak semèn avèk tout anplwaye nou yo, klas, reyinyon ekip klas chak semèn ak ankadreman endividyèl soti nan mwa Out 2021 jiska Jen 2022 jan sa parèt nan kalandriye devlopman pwofesyonèl nou an, tikè pou anplwaye yo soti, ak nòt google ekip klas/kontni.</p>	<p><b><u>Rezilta #1</u></b> Yo pral teste inite ak evalyasyon kourikoulòm yo sou teren epi egzanplè kourikoulòm yo devlope nan sezon Prentan 2022 a epi rezilta yo pral itilize pou revize efò amonizasyon nou yo plis toujou.</p> <p>Rive jen 2022, done sou kourikoulòm, evalyasyon ak estrateji ansèyman yo pral ann amoni ak Pòtrè Bousye Muñiz nou an epi dokimante pou</p>	<p>Nan sezon Prentan 2022</p> <p>Rive Jen 2022</p>

	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Pwogram devlopman pwofesyonèl pou reyinyon yo ak ankadreman endividyèl yo ann amoni ak angajman epi idantite, domèn espesifik yo konsantrè yo gen nan yo: Aprantisaj Ekspeditif, edikasyon Antirasis pou ekite, pratik de lang patnè fasiliteasyon tankou EL, HALE, ak Inivèsite Boston ofri ansanm ak vizit aprantisaj/ vizit sit.</li> <li>• Nòt reyinyon ekip klas/kontni ak bon etap aksyon ki ann amoni ak kourikoulòm nou an (kat geyografik, ti evalyasyon ak gwo evalyasyon, ak prezantasyon fòmèl elèv) lè l sèvi avèk nouvo Pòtrè Bousye Muñiz nou an.</li> </ul>			aplikasyon pou ane lekòl 2022-23.	
Ranfòse pratik angajman elèv yo ki konsantrè sou idantite ak relasyon.	<p><b><u>Ann amoni ak Aksyon/Rezilta #2</u></b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Devlope pwosesis nivo klas ak lekòl ki konplè kote elèv nan tout klas planifye objektif endividyèl ki konsantrè sou devlope idantite ak endepans, lè yo sèvi avèk Kalite Pòtrè Muñiz lan kòm yon gid.</li> <li>• Evalye fòs ak feblès ki genyen nan kourikoulòm Crew nou an ansanm ak pratik nou nan nivo lekòl la, ki konsantrè sou fason yo ranfòse relasyon yo atravè kominote a.</li> </ul>	<p>Ekip klas yo</p> <p>Ekip lidèchip CREW</p> <p>Ekip Lidèchip Jistis Restorativ</p> <p>Konsèy Elèv</p>	<p><b><u>Aksyon #2</u></b></p> <p>Angaje elèv yo nan tout klas nan jiska 8 gwoup refleksyon/reinyon moun ki konsène yo pou idantifye nouvo estrateji ki ranfòse vwa ak endepandans elèv yo espesyalman konstwi relasyon, CREW ak kilti tout lekòl la rive Jen 2022 jan sa parèt nan nòt reyinyon yo pataje ak elèv epi anplwaye yo pandan reyinyon avèk tout kominote lekòl yo.</p>	<p><b><u>Rezilta #2</u></b></p> <p>Rive jen 2022, yo pral analize, dokimante epi pataje rezilta sondaj elèv ak anplwaye yo, ansanm ak Gwoup diskisyon sou Ekite nou yo avèk tout aktè ki konsène yo epi yo pral itilize pou enfòme ak devlope estrateji klas ak tout lekòl nou yo ki konsantrè sou angajman, relasyon ak objektif inivèsite ak karyè jan sa parèt nan estrateji yo idantifye ki amelyore angajman elèv ak yon</p>	

	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Idantifye avèk elèv yo lòt estrikti kote nou ka devlope vwa ak endepandans elèv yo nan fowòm tankou konsèy elèv.</li> <li>• jiska 10 elèv ki reprezante tout klas yo rankontre 4 fwa pou bay opinyon ak fidbak sou efò pou konstwi relasyon ak kourikoulòm Crew jan sa parèt nan nòt reyinyon yo dwe pataje avèk ekip epi anpwaye inivèsite ak karyè yo;</li> <li>• jiska 10 elèv Konsèy Elèv nan gwoup refleksyon yo pral rankontre de fwa (Otòn 2021 ak Prentan 2021) pou idantifye nouvo estrateji ki ranfòse vwa ak endepandans elèv, espesyalman bati relasyon yo, CREW ak aktivite ak tradisyon nan tout lekòl jan sa parèt nan nòt ak plan reyinyon yo pou angaje tout kominote elèv yo.</li> <li>• Angaje anplwaye yo ak elèv yo nan yon Sondaj Youth Truth enidividyèl ak gwoup diskisyon yo pou evalye twa domèn enpòtan yo te idantifye nan Sondaj YT Otòn 2020 an: relasyon, inivèsite ak karyè, ak angajman; fè sondaj la anvan Desanm 2021 epi rezilta sondaj yo dwe analize epi itilize nan travay aktyèl avèk elèv yo epi anplwaye nan pwosesis</li> </ul>			<p>kourikoulòm Crew revize.</p>	
--	---	--	--	---------------------------------	--

	planifikasyon Pòtrè / Kalite yo.				
Ranfòse pratik angajman elèv yo ki konsantre sou idantite ak relasyon.	<p><b><u>Ann amoni ak Aksyon/Rezilta #3</u></b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Plis devlope definisyon antirasis nou an gras ak devlopman pwofesyonèl pou tout anplwaye yo kontinye jwenn.</li> <li>• Etabli yon pwosesis pou kreye yon kad edikasyon antirasis ki reyèl ki gide kourikoulòm, ansèyman ak politik lekòl yo.</li> <li>• Evalye aktyèl politik de lang nou an ak pratik ki konsantre sou enpòtans ak angajman.</li> </ul>		<p><b><u>Aksyon #3</u></b></p> <p>Fè yon minimòm 3 tablewonn sou ekite ant Oktòb 2021 ak Mas 2022 ki gen ladan jiska 7-8 elèv, jiska 5 anplwaye, 8 reprezantan fanmi ak 3 manm konsèy administrasyon yo pou bay fidbak sou revizyon politik lekòl la nan lide pou aliyen Pòtrè ak ajanda antirasis pou ekite nou an jan sa parèt nan yon rezime rekòmandasyon politik amonizasyon yo apre chak reyinyon.</p>	<p><b><u>Rezilta #3</u></b></p> <p>Rive jen 2022, sou baz gwoup diskisyon sou ekite nou yo ak politik kle yo pral ann amoni epi dokimante ak Pòtrè epi travay antirasis ekite nou an; tout revizyon politik yo pral gen ladan yo manyèl 2022-23 Fakilte a.</p>	Rive Jen 2022

\*7 Anplwaye yo refere a:

1. Konseye Inivèsite ak Karyè
2. Kowòdonatè Siksè Ansyen Elèv yo
3. Koòdonatè Lekòl HUB aplentan
4. Travayè Sosyal aplentan
5. 2 Moun ki an kontak ak Fanmi
6. Direktè Devlopman

**Priorite #2: Fokis sou Konsepsyon Ane Lekòl 2021-22; Aplikasyon pandan Ane Lekòl 2022-23, 2023-24, 2024-25**

**Konsepsyon:** kad “Vil kòm Kanmpous” ki mete aksan sou eksperyans aprantisaj nan kominote a ak lekòl epi patnè kominotè yo kòm yon eleman esansyèl pou prepare elèv yo pou invèsite ak karyè.

**Jistifikasyon:** Academi Muñiz sèvi yon majorite elèv ak fanmi Latino yo. 85% nan elèv nou yo se premye moun ki gradye nan lekòl segondè nan fanmi yo epi 90% nan elèv yo se premye moun ki anvizaje epi ale nan inivèsite. Pwogram invèsite ak karyè nou yo dwe aksesib pou tout elèv yo. Done sa yo konfime priorite sa a:

1. Analiz estrikti aktyèl kou ak eksperyans aprantisaj nou yo mete aksan sou nesosite pou nou ofri plis chwa ki bay elèv yo posibilite pou eksplore opsyon inivèsite ak karyè apati klas 9yèm ane. Nan sondaj YT a, 44% elèv ( 29yèm pousantaj nan lekòl Barr yo) te reponn pozitivman konsènan santiman yo sou preparasyon pou inivèsite ak karyè.
2. Pami gradye nou yo, kòmanse ak premye klas 2016 nou an, sèlman 48% toujou angaje swa nan inivèsite oswa nan opsyon pwogram fòmasyon altènatif.

Jan sa parèt nan kalite pwosesis pòtfolyo nou an ak prezantasyon yo, pòtfolyo granmoun nou an pral pi efikas si elèv yo devlope konpetans ak dispozisyon ki ann amoni ak nouvo Pòtrè nou an pandan eksperyans lekòl segondè yo olye sèlman nan fen ane siperyè yo.

**Amonizasyon ak Pòtrè a:** Repanse estrikti kou nou yo nan yon modèl kominotè ki baze sou plas ki bay opòtinite aprantisaj nan lekòl ak andeyò lekòl, pral fè bon jan eksperyans ak pwosesis ki angaje elèv yo nan kontèks enpòtan ak siyifikatif nan tout klas kòm yon fondasyon Pòtrè Bousye Muñiz nou an. Rekonfimasyon modèl ki enspire nan Aprantisaj Ekspeditif nou ann amoni ak priorite sa a. Pandan nou gen anpil eleman kle nan pratik EL, Pòtrè nou an mande pou nou toujou konekte eksperyans aprantisaj yo ak eksperyans ki baze nan kominote a pou ranfòse enpòtans. Anplis de sa, prepare yon modèl ki baze sou kominote pral ofri bon opòtinite pou eksplore opsyon inivèsite ak karyè kote elèv yo ka toujou pratike Kalite Bousye a nan anviwònman mond reyèl. Epitou, yon modèl Vil kòm Kanmpous pral mande pou anplwaye ak patnè kominotè yo posede epi pratike volontèman Kalite yo nan planifikasyon kolektif ak angajman nou ak elèv yo epi youn ak lòt.

Etap Aksyon	Aktivite Kle yo	Aktè ki konsène yo	Aksyon	Rezilta yo espere jwenn	Dat yo
Devlope eksperyans kominote ki baze sou kominote ki sipòte chwa otantik nan inivèsite ak karyè.	<p><b><u>Ann amoni ak Aksyon / Aksyon #4</u></b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Reprezante sou yo kat jewografik patnè aktyèl nou yo epi idantifye diferans ki genyen nan patenarya ki konsantre sou amonizasyon ak aplikasyon Pòtrè nou an.</li> <li>• Evalye enpòtans aktyèl kourikoulòm ak eksperyans aprantisaj nou an genyen pou elèv yo.</li> <li>• Vizite lòt lekòl/kominote k ap devlope oswa ki aplike</li> </ul>	Anplwaye, Patnè	<p><b><u>Aksyon #4</u></b></p> <p>Rive nan mitan mwa septanm 2021, idantifye yon ekip ki gen jiska 7 pwofesè/anplwaye Muñiz, 7 elèv, 7 reprezantan fanmi ak 4 patnè kominotè ki pral angaje nan omwen 5 reyinyon ant oktòb ak mas pou desine yon Modèl Vil kòm Kanmpous kote elèv yo gen opòtinite aprantisaj andedan ak andeyò</p>	<p><b><u>Rezilta #4</u></b></p> <p>Rive mwa Jen 2022, modèl Vil kòm Kanmpous nou an pral fèt ann amoni ak Pòtrè Bousye Muñiz nou an, ki gen ladan pwogram ak opòtinite ki tabli ak patnè aktyèl yo ak nouvo patnè yo pou aplikasyon nan ane eskolè 2022-23.</p>	Rive Jen 2022



	<p>yon modèl Vil kòm Kanmpous.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Idantifye fason nou ka ranfòse angajman nou ak Ansyen Elèv kòm modèl pou aktyèl elèv nou yo.</li> <li>• Devlope yon modèl Vil kòm Kanmpous avèk chwa klè pou opòtinite aprantisaj nan lekòl ak andeyò lekòl, tankou kolèj, estaj, enskripsyon doub, ak patnè pou opòtinite tankou Youth Build.</li> <li>• Idantifikasyon jiska 3 a 4 domèn enterè elèv kle, konsènan inivèsite ak karyè ki enfòme nan Sondaj Youth Truth, reyinyon gwoup diskisyon ak elèv, ak eksplorasyon opòtinite nan endistri yo sible nan Boston (egzanp swen sante, byo-teknoloji, edikasyon, atizay)</li> <li>• Plan pou ajisteman nan enfrastrikti lekòl yo idantifye tankou pou orè lekòl nou an ann amoni ak yon modèl Vil kòm Kanmpous.</li> <li>• Dokimantasyon eksperyans ansyen elèv yo pou pataje ak kominote a kòm egzanp sou sa ki posib.</li> <li>• Yo pataje eksperyans ansyen elèv yo ak done pwogrè avèk kominote Muñiz la kòm yon pwosesis kontinyèl pou aprantisaj ak selebrasyon.</li> <li>• Yo idantifye Plan dirabilite kòm yon pati nan modèl la ak nan kolaborasyon avèk BPS.</li> </ul>	<p>Anplwaye, Patnè</p> <p>Ansyen elèv/Ekip Inivèsite ak karyè</p> <p>Anplwaye, Patnè, Elèv yo</p> <p>Anplwaye-Klas / Ekip kontni</p> <p>Ekip Inivèsite ak Karyè</p>	<p>anviwònman lekòl la jan sa parèt nan nòt manm ak reyinyon yo.</p>		
--	---	---	--	--	--

Etap Aksyon	Aktivite Kle yo	Aktè ki konsène yo	Aksyon	Rezilta yo espere jwenn	Dat yo
<p>Devlope eksperyans kominote ki baze sou kominote ki sipòte chwa otantik nan inivèsite ak karyè.</p>	<p><b><u>Ann amni ak Aksyon/Rezilta #5</u></b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Evalye ak repanse aktyèl pratik inivèsite ak karyè nou yo atravè klas yo pandan n ap ogmante fòs yo epi rezoud feblès ki yo.</li> <li>• Pwograme vizit nan lòt lekòl ak kominote yo lè n sèvi avèk yon modèl Vil kòm Kanmpous ki sanble.</li> <li>• Amonize travay kourikoulòm (Priyorite 1) ak eksperyans Vil kòm Kanmpous la.</li> <li>• Idantifye pratik devlopman pwofesyonèl kontinyèl ki sipòte aprantisaj kontini ki konsantre sou modèl Vil kòm Kanmpous nou an.</li> </ul>	<p>Administrasyon</p>	<p><b><u>Aksyon #5</u></b>            Tout anplwaye ki gen ladan 26 pwofesè matyè/klas yo ak 7 anplwaye patisipe nan devlopman pwofesyonèl kontinyèl grasa a sipò nan men EL ak HALE ki konsantre sou eksperyans aprantisaj ki enpòtan epi otantik ki ann amoni ak nouvo modèl Vil kòm Kanmpous nou an jan sa parèt nan kalandriye devlopman pwofesyonèl nou an ak dokimantasyon ak nòt reyinyon vizit lekòl yo ak opòtinite konferans ki itilize pou enfòme modèl Vil kòm Kanmpous nou an rive Jen 2022</p>	<p><b><u>Rezilta #5</u></b>            Apati jen 2022, estrateji ansèyman, kourikoulòm ak evalyasyon nou yo ap ann amoni ak modèl Vil kòm Kanmpous nou an epi dokimante pou premye aplikasyon nan ane lekòl 2022-23.</p>	<p>Rive Jen 2022</p>